Injiil bi ngir Xale yi

Kii di ko xamlé



Ajjana,
këru
Yàlla gu
rafeet gi

Ki ko bind: Edward Hughes

Ku def illustration bi: Lazarus Alastair Paterson

Ki def adaptation bi: Sarah S.

Ki ko tekki: Christian Lingua

Ki ko produire: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

Ba Yeesu nekkewoon ci kaw suuf waxoon na ay taalibeem ci mbiirup àjjana. Mu woowé ko "Sama këru Baay", te ne ay kër yu bare te yaatoo fa nekk. Kër yi dañoo yaatu te rafeet.
Ajjana moo gëna yaatu te gëna rafeet bepp kër gu nekk ci kaw suuf.



Yeesu ne, "maa ngi dem defaral leen fa ngeen di dëkk. Te su ma leen defaralee bérab booba ba noppi, dinaa délsi, yóbbaale leen, ba fu ma nekk, ngeen nekk fa, yéen itam."



Yeesu dem na aljaana, ba mu dekke ca ñu dee ña. Ba taalibeem yi nekke di xool, Yeesu yëkëtiku te ap niir jëleeko ci seeniy gët.



Boobu ba tey, gaayu gëm ci Krista ñungi faateliku diggeb Yeesu ne dina ñëwaat jël si leen. Yeesu nena dina ñëw bu gaaw, fu ka kenn xaareewul. Wante naka la faay demee ngir kretien yu dee balaa muy ñëw? Injiil bi nee na dañuy dem nekk ak Yeesu. Baña tew fii ci jëm mooy nekk ak Boroom bi.

Peeñu ma, teere bu mujj bi ci Injiil bi, mungui ñuy wax nu Ajjana rafeetee. Lu gëna yeeme mooy ni, ci yoon bu wuute, Ajjana mooy kęrub Yàlla. Yàllaa ngi feep wante nguuram mungui Ajjana.



Malaaka yi ak yeeneeni mbindeef
yu nekk Ajjana dañuy màggal
Yàlla foofu. Noonu it la nitu
Yàlla yu dee yëpp te nekk ci
Ajjana di def itam. Dañuy
wëy ay wëy yu yeeme
di màggal
Boroom bi.



Benn ci wëy bu ñuy wëy mooy: Yeyoo ngaa jël téere bi te dindi tayu yi, ndaxte reyees na la, te °jotal nga Yàlla ak sa deret ay nit ñu bokk ci bépp giir ak kàllaama ak réew ak xeet. Def nga léen askanu sarxalkati Buur Yàlla sunu Boroom.
(Peeñu ma 5:9)

Mbind yu mujju yi ci teereb Injiil bi dañuy woowe Ajjana ni "Yerusalem bu bées bi". Dafa rey lool ak miir bu kawé ci biiti. Miir ba, jamaa lañu ko liggéeye, te dëkk ba di wurusu ngalam, leer ni weer bu set.



Fondamaay miiru dëkk ba rafetale nañu léen ak ay takkaay ak ay xer yu am ñjëg, di rayi-rayi ak ay melo yu rafeta rafeet. Bepp buntu dëk bi dañu ko defare per bu wuute te rey!



Buntu per yooyu duñu mussa tejju. Nañu duggu xool nu mu mel ... Waow! Ci biir Ajjana moo gëna rafeetati. Dëkk wurusu ngalam lañu ko defare, leer ni weer bu set. Péncu dëkk ba di wurusu ngalam.



Dexu ndoxum dund bu rafeet, mu leer ni weer bu set, di génn ca °gàngunu Yàlla. Ca weti dex ga amoon na ca garabu dund gu ñu ñjëkkoona gis cib toolub Àjjana. Garab gi dafa wuute lool. Dafay jur fukk ak ñaari xeetu doom yu wuute, xeet bu wuute weer wu nekk, te xob ya di faj xeet yi.



Asamaan soxlawul naaj gi walla wér bi ngir am leer Yiiwu Yàlla ci boppam moo koy feesal ak leer gu yeemé. Foo fu amul benn guddi.



Mala yi sax ci biir Asamaan dañu wuuté. Ñoom ñëpp dañu leen yar té ay xarit lañu. Till yi ak mbooté yi dañuy bokk di lekk ñax. Gaynde yi ak seen doolé gepp sax ñax lañuy lekk ni nag yi. Boroom bi ne na: "Du ñu gaañaaté té du ñu yakk ci sama tund yu sell yi yëpp."



Bu ñu xoolee lu ñu wër, dañuy gis ni am na mbirum Asamaan yu ñu ñakk. Foofu amul benn kàddu mèr bu ñuy degg. Amul kenn kuy xeex walla di siis.

Amul sax ay caabi ci buntu yi, ndaxté benn sacckat nekkul ci kaw Asamaan. Benn fenkat nekku fa, benn reykat nekku fa, benn dëm nekku fa, walla yeeneen nit yu bon nekku ñu fa it. Amul benn fanu bàkkaar bu am ci kaw Asamaan.

Nekk ci biir Asamaan ak Yàlla doo amati benn roongoñ. Yéeni say, mbooloo Yàlla dafay jooy ndax tiis yu rey yu am ci dund gii. Ci biir Asamaan Yàlla dina fonp bepp roongoñ.

Té it amul benn dée ci kaw Asamaan. Mboolo Yàlla dina ñu nekk ak Boroom bi ba faw. Benn tiis amatul, benn jooy amatul, benn méetit amatul. Benn féebar, benn xaajëlé, té du ñu sulati keen. Kepp ku nekk ci biir Asamaan am na mbeggté ak Yàlla ba faw.



Lu dakk ci lepp, mooy ni Asamaan dafa di ngir xale yu gòor yi ak xale yu jigéen yi (ak magg yi itam) ñu gëm ci Yeesu Krista ni seen Musalkat té di ko deggal ni seen Boroom.

Ci kaw Asamaan am na ap téere bu tuddu Téereb dund bu Mbooté mi. Dafa fees dell ak turu nit yi. Mbaa xam nga turu nit yu ñu bind ci biir? Turu ñépp ñu def seen kooluté ci Yeesu. Mbaa sa tur a ngi fa?

Kàddu yu mujj yii ci Teereb Injiil bi di wax ci Asamaan nekk nañu wooté bu yéemé.



"Te Xelum Yàlla ak séetu Mbooté mi ñungi naan, 'Ñëwël!' Képp ku dégg wax jii na ne 'Ñëwël!' Na képp ku mar ñëw. Te ku bëgg, bayyi leen ko mu duy ci ndoxum dund mi te du fey dara."



Ajjana, këru Yàlla gu rafeet gi

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Yowaana 14; 2 Waa Korent 5;
Peeñu ma 4, 21, 22

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Ñjexté bi

Xew xewu Injiil bii daf ñuy wax ci suñu
Yàlla bu yeeme bii moom mi ñu sakk té bëgg ñu xam ko.

Yàlla xam na ni def na ñu ay mbiir yu bon, yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee, wante Yàlla def leena bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi té ñu alag ko ndax suñuy bàkkaar. Waayé Yeesu dekki na ba delu ci kaw asamaan! Boo gëmé ci Yeesu té nga ñaan ko mu baal la say bàkkaar, dina la baal! Dina ñëw dëkk ci yow leegi nii sax, té dinga dund ak Moom ba faw.

Bo gëmé ni lii dëggë lë, waxal lii Yàlla:
Yeesu, gëm na ni yow yay Yàlla, nga ñëw ci jëmu nit té dee ngir samay bàkkaar, té leegui ya ngi dundat. Mangi la koy ñaan ñëwël ci sama dund té nga baal ma samay bàkkaar, ngir ma mëna am dund gu bees leegui nii, té ma mëna nekk ak Yow ba faaw keroog ba bës ba jooté. Dimbalima ngir ma mën la déggël té di dund ngir Yow ni sa doom. Amiin.

Jàngal Injiil bit té di wax ak Yàlla bës bu nekk! Yowaana 3:16